

ETA FLORIDA

# PLAN DAKSYON *pou* RETABLISMAN APRE KATASTWÒF



DEPATMAN OPÒTINITE  
EKONOMIK FLORIDA

*Yo te Soumèt bay Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) pou satisfè egzijans pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Retablisman Apre Katastwòf la (Community Development Block Grant-Disaster Recovery, CDBG-DR) pou efò retablisman apre Ouragan Irma a.*

9yèm Modifikasyon Sibstansyèl

Modifikasyon Sibstansyèl 9yèm, Apwouve pa HUD 6/1/2020			
# Paj Avan	# Nouvo Paj	Seksyon	Chanjman/Adisyon/Anilasyon
89	PA APLIKAB	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo mete bidjè total Pwogram CDBG-DR a ajou vin \$812 637 745 pou enkli atribisyon anplis fon HUD yo  Yo mete deklarasyon ki dekri ke depans pou asistans administrativ ak asistans teknik yo p ap depase 5 pousan kantite total sibvansyon an ajou, ki se \$40 631 887,25 aktyèlman
90	PA APLIKAB	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo retire tablo ki prezante Bidjè Pwogram ki date 28 jen 2018 la ak Bidjè yo Pwopoze pou Pwogram lan ki date 9 oktòb 2018 la avèk Montan Ajiste a  Modifikasyon Plan Daksyon ki afiche sou sitwèb DEO a ( <a href="http://www.floridajobs.org/cdbg-dr">www.floridajobs.org/cdbg-dr</a> ) dokimante chanjman ak ajisteman yo te fè nan Plan Daksyon pou Retablisman Apre Katastwòf Eta Florid la ak Bidjè Pwogram CDBG-DR a
91	90	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo mete bidjè total pou enfrastrikti a ajou soti \$85 819 653 vin \$122 525 511,75 pou enkli atribisyon anplis fon HUD yo
91	90	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo mete Repatisyon Bidjè MID a ajou: 80% soti \$65 455 722 vin \$98 020 409,40 ak 20% soti \$16 363 931 vin \$24 505 102,35
92	91	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo mete Bidjè Total pou Administrasyon an ajou soti \$38 679 900 vin \$40 611 787,25 pou enkli 5% atribisyon anplis fon HUD yo
118	117	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo revize langaj la pou enkli atribisyon anplis fon HUD yo pou reponn a bezwen Enfrastrikti ki pa satisfè yo
118	117	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo retire deklarasyon sou direktiv CDBG-MIT a: "HUD te anonse ke Florid pral resevwa atribisyon fon anplis prezizeman pou finansman pou limite dega yo. Y ap pibliye Direktiv adisyonèl yo nan rejis federal la sou fason eta yo ap ka itilize finansman an. Eta Florid pral pi byen defini pwogram li an epi ajiste bidjè a nan yon modifikasyon k ap fèt nan plan daksyon sa a, baze sou direktiv sa a."
119	118	Pwojè yo ak Aktivite yo	Yo retire langaj doub konsènan Kontwòl Nòm ak Pwosedi yo
119	118	Pwojè yo ak Aktivite yo	Aktivite pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti yo Mete Atribisyon pou Aktivite a Ajou soti \$85 819 653 vin \$122 525 511,75.

## Entwodiksyon Modifikasyon Sibstansyèl la

Yo te lanse Pwogram Reparasyon Enfrastrikti Rekonstwi Florid nan Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la (DEO) avèk \$85 819 653 pou finanse pwojè amenajman ak amelyorasyon nan kominote Ouragan Irma te afekte yo. Konte, minisipalite, distri jesyon dlo ak otorite dlo ki sitiye nan zòn ki plis afekte ak plis an detrès (MID) ki te sibi dega Ouragan Irma a yo ap elijib pou yo aplike pou finansman. Pandan peryòd 90 jou premye aplikasyon an, Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a te resevwa 42 aplikasyon ki rive \$175 milyon ototal nan kantite lajan CDBG-DR yo mande.

Nan dat 30 janvye 2020, Pwogram Reparasyon Enfrastrikti Rekonstwi Florid la te atribiye \$84,3 milyon bay 21 kominote. Avèk finansman CDBG-DR anplis la, Pwogram Reparasyon Enfrastrikti a pral kapab finanse plis pwojè pou repare dega yo epi kreye rezistans toupatou nan zòn Ouragan Irma te afekte yo.

Nan dat 3 desanm 2019, HUD te pibliye direktiv federal pou \$38 637 745 anplis y ap bay Florid atravè fon CDBG-DR yo pou sipòte efò rekiperasyon alontèm apre dega Ouragan Irma yo. Annakò ak Rejis Federal, Vol. 85, No. 17 la, ke yo te pibliye 27 janvye 2020 an, eta a dwe soumèt yon modifikasyon sibstansyèl k ap fèt nan Plan Daksyon pou Retablisman Apre Katastwòf Eta Florid la pou reflekte atribisyon anplis yo bay pou reponn a bezwen enfrastrikti ki pa satisfè yo apati 3 me 2020.

## 2. Bidjè Pwogram lan

DEO se ajans prensipal la epi yo se antite ki responsab pou administre \$812 235 745 nan fon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Rekiperasyon Apre Katastwòf (CDBG-DR) yo te atribiye bay eta a pou finanse efò rekiperasyon yo. Annakò ak Rejis Federal la, kantite total depans endirèk ak depans administrativ plis depans pou asistans teknik DEO akimile yo p ap depase 5 pousan montan sibvansyon total li resevwa (\$40 631 887,25) plis revni pwogram lan. DEO pral mete plafon depans yo nan limit 20 pousan montan sibvansyon total la omaksimòm sou fòm yon melanj depans planifikasyon ak depans endirèk ak pou administrasyon pwogram lan. Depans planifikasyon yo sijè a limit 15 pousan jan yo dekri nan dokiman 42 U.S.C. 5305(a)(12). Depans administrasyon onivo eta ak onivo lokal sijè a limit 5 pousan antou dapre règleman federal yo. Eta a pral bay benefisyè yo direktiv adisyonèl konsènan montan fon administratif ki disponib pou yo. Yo sipoze ke y ap konte depans reyalizasyon pwojè elijib yo kòm yon pòsyon nan alokasyon finansman sibvansyon global CDBG-DR y ap bay chak sou-benefisyè. Sou-benefisyè yo pral responsab pou yo kontwole ak siveye depans yo ki gendwa pa fè pati montan total sibvansyon yo bay pou chak pwojè endividyèl oswa chak aplikan endividyèl kòm sadwa, jan sa aplikab.

Bidjè Pwogram lan									
Pwogram	Bidjè Total	Repatisyon Bidjè MID		Rezèv Minimòm pou Keys	Rezèv Minimòm pou Nouvo MID yo	Estimasyon Alokasyon LMI	Prim Maksimòm	Prim Pa Inite An Mwayèn	Estimasyon Kantite Inite**
		80 %	20 %						
<b>Bidjè LOJMAN</b>									
Pwogram Reparasyon Lojman	\$346 186 147	\$240 402 400	\$53 927 400	\$50 000 000	\$51 856 347	90%	\$350 000	\$45 000	7 150
Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv: Mobilizasyon Lòt Sous Finansman	\$100 000 000	\$80 000 000	\$20 000 000	\$25 000 000	PA APLIKAB	100 %	\$8 000 000	\$60 000	1 670
Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv: Devlopman Ti Lojman pou Lwe	\$20 000 000	\$16 000 000	\$4 000 000	\$0	PA APLIKAB	100 %	\$5 000 000	\$125 000	160
Acha Teren pou Lojman Abòdab pou Mendèv	\$20 000 000	\$16 000 000	\$4 000 000	\$10 000 000	PA APLIKAB	100 %	\$5 000 000	PA APLIKAB	PA APLIKAB
Pwogram Reyachte Kay Volontè a	\$75 000 000	\$60 000 000	\$15 000 000	\$10 000 000	PA APLIKAB	50 %	\$5 000 000	\$225 000	300
<b>Bidjè REVITALIZASYON EKONOMIK</b>									
Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv	\$20 000 000	\$16 000 000	\$4 000 000	PA APLIKAB	PA APLIKAB	100 %	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB
Sibvansyon pou Retablisman Biznis	\$66 000 000	\$52 800 000	\$13 200 000	PA APLIKAB	PA APLIKAB	100 %	\$500 000	PA APLIKAB	250

Bidjè ENFRASTRIKTI									
Pwogram pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti - Sik Aplikasyon Konkiransyèl	\$122 525 511,75	\$98 020 409,40	\$24 505 102,35	PA APLIKAB	*Sa yo fè pati 80%	25%	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB
ADMINISTRASYON ETA AK LOKAL									
Administrasyon (5%)	\$40 611 787,25	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB
Planifikasyon	\$1 912 300	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB
<b>TOTAL</b>	<b>\$812 235 745,75</b>	<b>\$579 222 809,40</b>	<b>\$138 632 502,35</b>	<b>\$95 000 000</b>	<b>\$51 856 347</b>				

Yo pral depanse uit pousan nan chak alokasyon yo bay pwogram ki nan lis anba la anndan kominote HUD idantifye kòm kominote ki plis afekte ak plis an detrès yo. Finansman an ki gen ladan kòm yon minimòm yo rezève pou Konte Monroe a se yon souzansanm nan 80 pousan yo pral depanse nan kominote ki plis afekte ak plis an detrès yo. Yo pral depanse rès 20 pousan nan kominote eta idantifye kòm kominote ki plis afekte ak plis an detrès yo, ke yo mete nan lis ki nan tablo anwo a.

\*Florid pral resevwa \$634 milyon dola anplis pou sipòte bezwen anplis ki pa satisfè yo, ki gen ladan enfrastrikti ak efò pou limite dega pa mwayen pwogram CDBG-DR la. Y ap atribiye finansman anplis y ap bay pwogram sa yo nan bidjè a lè yo pibliye direktiv federal la.

\*\*Yo kalkile kantite inite yo estime yo baze sou sipozisyon ke montan prim pa inite a pral varye soti nan prim yo estime an mwayèn lan rive \$350 000 prim yo estime omaksimòm lan. Y ap awondi kantite inite yo estime nan bidjè pwojè sa a pou pèmèt gen fleksibilite ak nenpòt enpresizyon ki ka genyen nan estimasyon nou yo. Yon fwa DEO resevwa done ki pi egzakt yo, y ap mete bidjè pwogram lan ajou pou l refleto vrè pri ak kantite inite yo nan fason egzakt. Y ap mete ajisteman sa yo nan modifikasyon plan daksyon alavni yo. Evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo demontre ke majorite bezwen ki pa satisfè yo gen rapò ak lojman. Kidonk, pi plis alokasyon finansman an pral reponn a rès bezwen lojman ki pa satisfè ki rete yo.

Deskripsyon pwogram lan ki anba la pral bay plis detay sou fason chak pwogram pral distribye finansman an epi satisfè Objektif Nasyonal HUD yo. DEO pral fè respekte nòm jesyon, kontwòl, ak sipèvizyon pwogram lan ki nesèsè pou asire konfòmite ak egzijans eta ak federal yo.

**Prim Sibvansyon Minimòm pou yon Biznis/Òganizasyon San Bi Likratif: \$25 000**

**Prim Sibvansyon Maksimòm pou yon Biznis/Òganizasyon San Bi Likratif: \$500 000**

**Antite ki Responsab pou Administrasyon Prim Sibvansyon an: DEO, Sou-Benefisyè**

**Elijibilite: 105(a)(15), 105(a)(17), ak 105(a)(8)**

**Objektif Nasyonal: Avantaj pou moun ki gen revni fèb ak modere oswa Bezwen ljan**

## Aktivite pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti yo

Eta Florid te fè anpil gwo investiman nan aktivite pou limite dega pandan dènye 25 ane ki sot pase yo pou asire enfrastrikti yo kapab reziste enpak van ak evènman inondasyon yo. Ouragan Irma te yon bèl reysit pou eta a paske evalyasyon dega enfrastrikti yo pa te elve jan yo te prevwa gras a gran jan investiman sa a ki te fèt toupatou nan eta a. DEO pral kontinye ranfòse enfrastrikti eta a pa mwayen kreyasyon Pwogram pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti ki otorize kominote yo itilize CDBG-RD pou rantabilize lòt sous finansman tankou Pwogram Sibvansyon pou Redui Danje a (HMGP), Pwogram Asistans Piblik 406 pou Limite Dega a (406 PA). Gen kèk kominote ki pa an mezi pou yo konplètman itilize lòt resous sa yo apre yon katastwòf paske finansman lajan kach ki gen derezèv la gentan fin depanse nan efò rekiperasyon apre katastwòf yo epi yo pa kapab satisfè egzijans pou fon korespondan lokal yo. Lè yo otorize gouvènman lokal yo rantabilize finansman CDBG-DR la kòm fon korespondan, sa pral pèmèt kominote yo, espesyalman gouvènman lokal, riral ki pi piti yo, pi byen itilize tout resous ki disponib pou yo.

Y ap abòde avantaj-pri nan kad elaborasyon politik ak pwosedi yo. DEO rekonèt ke aktivite enfrastrikti yo ka gen risk enprevi ki ka potansyèlman afekte kominote yo. Avèk konpreyansyon sa a, DEO pral swiv direktiv ki preskri nan Rejis Federal la pou evite gen enpak demezire sou popilasyon vilnerab yo ak enjistis anviwònmanal. Anplis de sa, DEO rekonèt enpòtans rezistans kont tanpèt yo alavni, epi yo pral deplwaye teknoloji adaptab ak fyab pou pwoteje enfrastrikti yo pou yo pa kraze avan lè yo. DEO pral dekri mizannèv itilizasyon teknoloji sa yo, lè sa aplikab, nan manyèl politik ak pwosedi pwogram lan.

## Pwogram pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti

Yo te lanse Pwogram Reparasyon Enfrastrikti Rekonstwi Florid nan Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la (DEO) avèk \$85 819 653 pou finanse pwojè amenajman ak amelyorasyon nan kominote Ouragan Irma te afekte yo. Nan dat 3 desanm 2019, HUD te pibliye direktiv federal pou \$38 637 745 anplis y ap bay Florid atravè fon CDBG-DR yo pou sipòte efò rekiperasyon alontèm apre dega Ouragan Irma yo. Yo pral distribye apeprè \$122,5 milyon nan Pwogram pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti a. Ouragan Irma te afekte sistèm enfrastrikti anpil kominote tankou dega nan wout yo, pon yo, ak plaj eta yo. Y ap distribye finansman bay kominote Ouragan Irma te afekte yo pa mwayen yon sik aplikasyon konkiransyèl kote y ap bay priyorite a pwojè ki ka demontre bezwen ijan, yo prè pou kòmanse, ak avantaj LMI sa a. Kote sa posib, DEO pral rantabilize lòt sous yo tankou finansman Asistans Piblik FEMA pou yo reponn a rès bezwen ijan ak bezwen ki pa satisfè ki gen nan kominote yo avan.

Aktivite elijib nan kad pwogram sa a ka gen ladan, men pa sèlman pwojè ki annapre la yo:

- Restorasyon enfrastrikti Ouragan Irma te andomaje yo (tankou enstalasyon dlo ak egou yo, ri yo, netwayaj debri yo, drenaj, pon yo, elatriye.).
- Demolisyon ak reyabilitasyon bilding komèsyal oswa endistriyèl ki se pwopriete piblik oswa prive yo.
- Reyalimantasyon sistèm din pwotektiv kotyè yo ak plaj eta yo.
- Reparasyon nan bilding ki andomaje ki esansyèl pou sante, sekirite ak byennèt yon kominote lè reparasyon bilding sa yo konstitiye yon bezwen ijan (sa ka gen ladan komisarya yo, kazèn ponpye yo, sant pak ak lwazi yo, sant kominotè ak sant pou granmoun aje yo, klinik yo, lekòl yo ak etablisman edikatif yo, lòt pwopriete piblik).
- Reparasyon nan kondwit ak sistèm dlo yo, konduit ak sistèm egou yo, sistèm drenaj ak sistèm pou limite dega inondasyon yo.

Avan yo ouvri sik aplikasyon konkiransyèl la pou Pwogram pou Repare ak Limite Dega nan Enfrastrikti a, DEO pral voye yon anons pa mwayen lis adrès li a k ap dekri detay pwogram sa a ansanm ak yon anons k ap afiche sou pajwèb DEO a ke w ap jwenn [la](#). DEO pral òganize yon fòmasyon avan aplikasyon an pou sila yo ki enterese patisipe nan pwogram lan. Fòmasyon avan aplikasyon an pral prezante tout detay pwogram lan nèt. Y ap fè piblisite pou fòmasyon sa a tou sou pajwèb la. Apresa, apre yo tante bay yon prim, DEO pral òganize yon lòt fòmasyon avan reyalizasyon. Fòmasyon sa a pral kouvri tout materyèl yo ak tout sa sou-benefisyè yo dwe atann. Apre yo bay yon prim, DEO pral òganize fòmasyon yo, selon bezwen.

### Sik Aplikasyon Konkiransyèl

Aplikasyon yo pral chwazi pwojè oswa pwogram pou yo pwopoze bay DEO pou yo jwenn finansman annakò ak limit ak objektif DEO yo. Limit sa yo se:

- Pwojè yo dwe demontre yo gen lyan ak Ouragan Irma
- Pwojè yo pa dwe gen avantaj doub.

DEO pral konsidere tou nan ki pwen pwojè oswa pwogram yo pwopoze yo ap sipòte objektif ki annapre yo:

- Pwojè yo dwe sipòte bezwen lojman LMI yo nan yon sans,
- Pwojè yo dwe prensipalman sèvi popilasyon LMI yo, oswa
- Yo dwe demontre gen yon bezwen ijan nan kominote a

DEO pral konsidere LMI kòm objektif nasyonal pou pwojè enfrastrikti yo. Y ap itilize objektif nasyonal bezwen ijan an sèlman si pwojè a pa LMI, men yo bezwen l pou soulaje kondisyon ijans yo. Lè y ap itilize bezwen ijan kòm yon objektif nasyonal, DEO pral chache jwenn jistifikasyon nan men gouvènman oswa minisipalite lokal la pou sètifye ijans kondisyon an.

Aplikasyon yo dwe pouswiv yon seri aktivite elijib jan yo otorize dapre reglèman CDBG-DR yo pou apwopriyasyon sa a, depi yo annakò ak egzijans limit DEO yo ak egzijans pou aktivite aplikab la jan yo dekri nan Plan Daksyon an ak nan Rejis Federal la. Y ap egziye pou aplikasyon yo satisfè règleman HUD yo, tankou sou plan anviwònmanal, nan ensistans demann avantaj yo, lojman ekitab ak lòt ankò.

**Alokasyon pou Aktivite a:** \$ **122 525 511,75** Sik Konkiransyèl

**Prim Maksimòm:** PA APLIKAB

**Antite ki Responsab pou Administrasyon Prim Sibvansyon an:** DEO

**Elijibilite:** 105(a)(2)

**Objektif Nasyonal:** Avantaj pou moun ki gen revni fèb ak modere oswa Bezwen Ijan

### Itilizasyon CDBG-DR yo kòm Fon Korespondan

Anplis de sa, yo ka itilize fon yo pou yo satisfè egzijans yon fon korespondan, pòsyon, oswa kontribisyon pou nenpòt lòt pwogram federal lè yo itilize l pou reyalize yon aktivite CDBG-DR ki elijib. Sa gen ladan pwogram oswa aktivite Ajans Jesyon Ijans Federal la (FEMA) oswa Kò Enjenyèr lame Amerikèn lan (USACE). Dapre lalwa, kantite fon CDBG-DR yo ka kontribiye nan yon pwojè USACE se \$250 000 oswa mwens. Sonje ke Lwa sou Apwopriyasyon yo entèdi sibstitisyon itilizasyon fon CDBG-DR yo pou nenpòt aktivite FEMA oswa USACE ka ranbouse, oswa aktivite ki gen fon yo mete disponib pou yo.